

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Kegiatan nyarita téh kagolong kana aspék kaparigelan makéna basa, saperti kagiatan ngaregepkeun, maca, jeung nulis. Dumasar kana tujuanana nyarita mangrupa kagiatan pikeun ngébréhkeun eusi pikiran, gagasan pamaksudan, rasa, ku cara lisan atawa cara nyarita ka nu lian. Ku cara kitu dipiharep nu lian (nu diajak nyarita) atawa anu ngabandungan bisa ngarti kana maksud jeung tujuan anu dilisankeun (Sudaryat, *Spk.*, 2007:54).

Numutkeun Iskandarwasid anu dicutat dina buku *Makaya Basa* (2007:56) basa Sunda kawilang réa istilah atawa prédikat anu nuduhkeun patalina paripolah nyarita, cirining yén dina hirup kumbuh urang Sunda peta nyarita kungsi jadi ukuran atawa indikator anu kagolong penting pikeun nangtukeun pribadi hiji jalma. Pangpangna upama dipatalikeun jeung tradisi campur gaul basa urang dina mangsa béh ditu.

Bahan pangajaran nyarita eusina kudu winangun kajian informasi anu diwadahan ku téma pangajaran. Pikeun nangtukeun legana ambahan téma nyarita téh gumantung kana kalungguhan (téma) wacana nyarita. Ari téma mangrupa dasar pedaran anu ngajiwaan sakumna aktivitas pangajaran. Maksudna taya lian sangkan situasi pangajaran téh karasa hegar (hirup). Kumaha patalina antara téma jeung kamahéran

basa, utamana kamahéran nyarita. Lamun téma mangrupa dasar sakabéh pedaran, tangtu baé kamahéran nyarita kudu mangrupa sarana atawa tempat anu ngawahan téma. Tegesna, wacana nyarita téh salawasna kudu luyu jeung téma anu diperedih ku kurikulum (Sudaryat, *Spk.*, 2007:58).

Dumasar hasil observasi sim kuring nalika PPL di SMPN 12 Bandung, dina mata pelajaran basa Sunda, diajarkeun ngeunaan pangajaran nyaritakeun pangalaman siswa, tina hasil évaluasi nu dilakukeun, pangajaran nyarita dianggap hésé. Hal ieu kapaluruh tina loba kénéh siswa anu meunang peunteun anu kurang tina KKM (Kriteria Ketuntasan Minimal) nya éta 75. Méthode nu biasa digunakeun ku guru dina pangajaran nyaritakeun pangalaman biasana modél ceramah jeung démonstrasi (konvénsional).

Dumasar hasil observasi di luhur aya sababaraha faktor anu jadi bangbaluh siswa nalika nyarita ka hareup, nya éta : (1) sieun salah, (2) teu percaya diri, (3) traumatis, miboga kasieun jeung ngarasa sorangan nalika nangtung di hareup, (4) sieun dipeunteun, (5) sieun lamun diperhatikeun ku jalma réa, ngarasa teu tenang jeung teu percaya diri nalika nyarita di hareupeun jalma réa (6) sieun diseungseurikeun batur atawa disurakan batur. Aya ogé rasa éra (*shyness*) panyababna nya éta *ketidaknyamanan*. Salian ti éta kurikulum saméméh KTSP ogé méré toléransi ka siswa sangkan teu kudu nyarita, ngan cukup ku 3D (*duduk, diam, dengar*).


Pasualan éta teu lepas tina kabiasaan nu sok diterapkeun tina sistem pendidikan konvensional anu nyababkeun siswa teu aktip sacara fisik dina jangka waktu nu lila (Meier, 2002:90). Nalika prosés diajar, siswa dituntut pikeun diuk sidakep ulah usik jeung ulah nyarita. Hal ieu nu nyababkeun kamampuh siswa dina nyarita teu ngaronjat. Salian ti kitu, siswa teu diajak pikeun diajar maké basa (*use language*), tapi leuwih diajar ngeunaan basa (*talk about the language*), saéstuna nalika pangajaran nyarita kudu oriéntasina kana aspék makéna basa, lain kana aturan makéna. Sistem pendidikan konvensional lamun diterapkeun dina pangajaran nyarita dina jangka panjang akibatna nyababkeun siswa sieun pikeun ngébréhkeun perasaan, jeung kahayang dina nepikeun pikiran maranéhna. Rasa sieun minangka salah sahiji nu sok dijadikeun alesan waktu para siswa dititah nyarita di hareup kelas. Lamun hal ieu diantepkeun, gedé kamungkinan manjang nepika paguron luhur, manéhna bakal miboga bangbaluh nalika nyarita di forum resmi.

Salah sahiji anu bisa dilakukeun nalika prosés diajar nya éta ngajak ka batur pikeun ilubiung kana éta prosés diajar. Jalma diajar leuwih loba tina sakabéh aktivitas jeung pangalaman nu dialaman ti batan lamun diajar bari diuk di hareup guru jeung buku. Pasualan ieu bisa ngahalangan kana gerak awak jeung ngahalangan fungsi pikiran sacara maksimal. Sabalikna, ngalibatkeun awak nalika diajar nyieun kacerdasan jalma sacara maksimal (Meier, 2002:90).

Tina pasualan-pasualan di luhur saméméhna, tétéla kudu aya tarékah sangkan pangajaran nyaritakeun pangalaman bisa leuwih ngaronjat sarta dipikaresep ku siswa.

Prosés diajar anu dilakukeun ku siswa ilaharna kawatesanan ku ngan saukur nyangkem matéri pangajaran atawa nambahna pangaweruh minangka bahan ujian atawa tés. Padahal dina tungtutan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP Taun 2006) ayeuna, siswa dipiharep bisa ngahontal kompetensi, nya éta ngeunaan pangaweruh, sikep, jeung kaparigelan anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Numutkeun hasil panalungtikan anu geus aya judulna “Pamarekan Humanistik pikeun Ningkatkeun Kaparigelan Nyaritakeun Pangalaman Siswa (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-E SMA Laboratorium-Percontohan UPI Taun Ajaran 2010-2011) nyindekkeun yén sanggeus ngagunakeun pamarekan humanistik, kamampuh siswa dina pangajaran nyaritakeun pangalaman téh ngaronjat.

Dumasar kana kasang tukang pasualan di luhur, karasa perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nyaritakeun pangalaman ngagunakeun pamarekan nu séjén nya éta pamarekan SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*) sangkan bisa ngungkulan pasualan dina pangajaran basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan téh baris dijudulan “PAMAREKAN SAVI (*SOMATIS AUDITORI VISUAL INTELEKTUAL*) PIKEUN NGARONJATKEUN KAPARIGELAN NYARITAKEUN PANGALAMAN (Panalungtikan Tindakan Kelas Ka Siswa Kelas VII-B SMPN 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012)”.  


## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dina nepikeun bahan ajar hususna dina aspék nyarita, kudu aya usaha ngagunakeun pamarekan pangajaran sangkan henteu monoton. Umumna dina pangajaran basa Sunda teu saeutik pamarekan pangajaran anu bisa digunakeun pikeun nepikeun bahan ajar dina aspék nyarita di antarana pamarekan SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*).

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha prak-prakan pamarekan SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*) dina pangajaran nyaritakeun pangalaman?
- b. Naha pamarekan SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*) bisa ngaronjatkeun kaparigelan nyaritakeun pangalaman siswa?
- c. Naha pamarekan SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*) bisa nyiptakeun suasana diajar anu PAKEM?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum, dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngalarapkeun pamarekan SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*) pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nyaritakeun pangalaman.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun :

- a. Prak-prakan pamarekan SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*) dina pangajaran nyaritakeun pangalaman.
- b. Ngaronjatna hasil diajar nyaritakeun pangalaman siswa kelas VII B SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2011-2012; jeung
- c. Suasana diajar anu PAKEM dina nyaritakeun pangalaman ngagunakeun Pamarekan SAVI ka siswa kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2011-2012.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun manggihan alternatif anyar dina ngalaksanakeun pangajaran kaparigelan nyaritakeun pangalaman anu leuwih épéktip, anu bisa ngeuyeuban deui métode pangajaran nyarita anu geus aya.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis nya éta panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun siswa, guru, jeung panalungtik.

- a. Pikeun siswa, panalungtikan ieu dipiharep aya mangpaat pikeun siswa dina ngaronjatkeun partisipasi siswa dina prosés kagiatan diajar, siswa leuwih percaya

diri nalika diajar nyarita ngagunakeun pamarekan SAVI, miboga bekel pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nyarita siswa sangkan bisa nerapkeunana dina kahirupan sapopoé.

- b. Pikeun guru, panalungtikan ieu bisa nambahan pangaweruh guru jeung numuwuhkeun kréativitas dina ngolah prosés pangajaran nyarita maké pamarekan SAVI. Ngabebenah pangajaran dina upaya ngaronjatkeun kaparigelan nyarita pangalaman siswa maké pamarekan SAVI; jeung
- c. Pikeun panalungtik, dipiharep bisa méré gambaran palaksanaan pamarekan SAVI kana kamampuh nyaritakeun pangalaman enggoning manggihan kahéngkérangan kahéngkérangan anu disanghareupan ku siswa dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran nyaritakeun pangalaman.

### **1.5 Asumsi**

Asumsi dina ieu panalungtikan téh nya éta :

- 1) Pamarekan SAVI bisa digunakeun dina pangajaran maca, nulis, nyarita, jeung ngaregepkeun.
- 2) Pamarekan SAVI mangrupa pamarekan pangajaran anu kawilang anyar dina nyiptakeun suasana diajar-ngajar anu aktif, kréatif, éféktif, jeung *menyenangkan* (PAKEM).



## 1.6 Hipotesis Tindakan

Ku sabab ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode PTK, hipotésis nu digunakeunana ogé hipotésis tindakan. Anu disebut hipotésis nya éta jawaban *sementara* dina panalungtikan anu rék dilakonan atawa diuji bener jeung henteuna ngaliwatan ngumpulkeun data jeung analisis data (Sanjaya, 2009:72).

Dina panalungtikan diperlukeun dadasar anu disebut anggapan dasar jeung hipotésis. Anggapan dasar mangrupa bebeneran tiori atawa pamadegan anu dijadikeun tatapakan hiji panalungtikan, sarta éta mangrupa hiji cecekelan anu kudu diuji tina bebeneranana. Ku cara ngagunakeun pamarekan SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*) pangajaran nyaritakeun pangalaman bisa ngaronjat.

## 1.7 Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK).

PTK téh minangka wangun “pangindonésiaan” tina *Classroom Action Research*. PTK akronim tina kecap penelitian, tindakan, jeung kelas. Penelitian dihartikeun salaku prosés ngungkulan pasualan anu dilakukeun sacara sistematis, émpiris, jeung kakontrol. Tindakan dihartikeun salaku hiji kagiatan anu dilakukeun ku panalungtik nya éta guru ka muridna kalawan tujuan diarahkeun pikeun ngabebener kinerja anu



dilakukeun ku guru dumasar kahayang pikeun ngahontal hasil diajar anu maksimal. Sedengkeun, kelas dihartikeun salaku tempat lumangsungna kagiatan pangajaran anu henteu *disetting* heula pikeun kapentingan panalungtikan husus, tapi lumangsung ngaguluyur saluyu jeung kaayaan pangajaran saperti biasa (Sanjaya, 2009:26).

Dina PTK aya opat tahapan nu lazim kudu aya, nya éta (1) perencanaan, (2) palaksanaan, (3) pangamatan, jeung (4) réfléksi. Dina tahap kahiji nya éta nyusun rarancang tindakan (*planning*). Dina tahap ieu panalungtik ngajelaskeun ngeunaan naon, kunaon, iraha, dimana, ku saha, jeung kumaha tindakan éta dilakukeun. Panalungtikan tindakan nu idéal dilakukeun sacara papasangan antara anu ngalakukeun tindakan jeung pihak anu ngimeutan prosés jalanna tindakan. Istilahna cara ieu téh panalungtikan kolaborasi. Dina tahap kadua nya éta palaksanaan tindakan (*Acting*). Tahap kadua tina panalungtikan tindakan nya éta palaksanaan nu mangrupa implementasi atawa panerapan eusi rarancang, nya éta ngeunaan tindakan di kelas. Hal anu kudu diperhatikeun dina tahap kadua nya éta dina palaksanaan guru kudu inget jeung taat kana naon anu geus dirumuskeun dina rarancang, tapi kudu ngaguluyur sacara wajar, teu dijieun-jieun. Tahap katilu nya éta pangamatan (*Observing*). Pangamatan ieu salah upama dipisahkeun jeung palaksanaan tindakan sabab kuduna pangamatan dilakukeun dina waktu tindakan keur lumangsung. Jadi, duanana lumangsung dina waktu anu sarua. Tahap kaopat nya éta réfléksi (*Reflecting*). Tahap kaopat mangrupa kagiatan pikeun ngaguar deui naon nu geus dilakukeun. Istilah réfléksi asalna tina basa Inggris *reflection*, nu diterjemahkeun dina

basa Indonesia *pemantulan*. Kagiatan refleksi ieu bener pisan dilakukeun nalika guru palaksana geus réngsé ngalakukeun tindakan, tuluy babarengan jeung panalungtik pikeun ngadiskusikeun impleméntasi rarancang tindakan (Arikunto dkk. 2006:16).

Nu jadi dasar ngagunakeun ieu PTK, nya éta pikeun ngungkulan pasualan anu keur disanghareupan ku guru di kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012 dina pangajaran nyaritakeun pangalaman. Hal ieu saluyu jeung salasahiji tujuan PTK nya éta pikeun ngaronjatkeun kualitas prosés jeung hasil diajar (Sanjaya. 2009:16).

